

Ajans Zòn nan Pou Moun Aje

(Name of Area Agency on Aging)

PWOGRAM SÈVIS AGRANDI NAN KAY POU MOUN AJE ak PWOGRAM SÈVIS NAN KAY KOMINOTE POU MOUN AJE

DWA KLIYAN AN

Paske ou se yon kliyan k ap resevwa sèvis nan **Pwogram Sèvis Agrandi nan Kay pou Moun Aje a (Expanded In-Home Services for the Elderly Program, (EISEP)** oswa si w ap resevwa sèvis jesyon dosye, sèvis relèv ki pa nan yon sant, oswa sèvis lakay ou nan Pwogram Sèvis nan Kominote pou Moun Aje a (**Community Service for the Elderly Program, CSE**), ou gen dwa sa yo:

1. dwa pou yo ba ou enfòmasyon sou dwa ou yo alekri lè ou antre nan pwogram nan;
2. dwa pou ou patisipe nan kreyasyon, revizyon ak fen plan swen ou a, epi resevwa enfòmasyon sou tout sèvis yo dwe ba ou yo, ak enfòmasyon sou ki lè ak kijan yo pral ba ou sèvis yo;
3. dwa pou yo ba ou non, adrès, nimewo telefòn ak fonksyon nenpòt moun ak ajans afilye k ap ba ou swen ak sèvis;
4. dwa pou nenpòt moun k ap ba ou sèvis lakay ou montre ou pyès idantifikasyon ki apwopriye epi ki ajou;
5. dwa pou yo ba ou non, adrès ak nimewo telefòn moun yo mete kowòdonatè dosye ou a pou ou kapab poze kesyon, pote plent, di lè gen travay ki absan, ak mande èd lè ou gen ijans.
6. dwa pou refize nenpòt pati nan plan an, sof pou jesyon dosye, san ou pa pèdi okenn lòt sèvis, apre yo te ba ou tout enfòmasyon nèt epi ou konprann konsekans ki genyen si ou refize li. Ou bezwen ap resevwa sèvis jesyon dosye pou w ka patisipe nan pwogram nan epi ou p ap ka refize li si ou bezwen lòt sèvis.
7. dwa pou rekòmande chanjman nan règleman yo ak sèvis bay manm pèsònèl pwogram nan, manm pèsònèl ajans zòn nan pou moun aje, ak bay New York State Office for the Aging;
8. dwa pou w pote plent ak mande pwoteksyon kont abi mantal, fizik, ak finansye, move tretman, oswa neglijan, ak pou yo ede ou fè sa;
9. dwa pou yo ba ou enfòmasyon ni aloral ni alekri sou pwosedi plent ajans la ak dwa pou gen reprezantan ki pa fè pati ajans la ou chwazi ede ou rezoud plent

yo, san pa gen moun ki mele nan sa, ba ou presyon, fè diskriminasyon, oswa fè vanjans kont ou;

10. dwa pou gade nan dosye ou;

11. dwa pou yo trete ou ak konsiderasyon, respè, ak diyite lè y ap baou sèvis yo. Sa dwa gen ladan:

(a) pou yo trete pou ak respè selon kwayans kiltirèl ak relijye ou, koutim ou, ak lang ou pito a;

(b) pou yo respekte sa ou swete pa rapò ak anviwònman kay ou, mèb ou, ak byen ou yo; epi

(c) nenpòt moun ki vini lakay ou pral gen yon konpòtman estanda ki apwopriye;

12. pou yo kenbe sa ki nan dosye ou sekre;

13. pou resevwa sèvis nan men EISEP yo san gade sou ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, sèk ou idantifye ak li, eta sivil ak/oswa sityasyon familyal, afilyasyon politik, estati militè, dosye arestasyon oswa kondanasyon, si w se yon viktim domestik vyolans, predispozisyon karakteristik jenetik, oswa nenpòt lòt karakteristik ki gen pwoteksyon anba lwa ak regleman dwa sivik Federal ak New York State (sèl bagay ou dwe satisfè tout kondisyon pou kalifye nan pwogram nan avan w ap ka jwenn sèvis yo);

14. pou yo pa egzije pou w peye okenn lajan ki depase montan kotizasyon ou a;

15. pou w konteste montan yo evalye kotizasyon ou a;

16. pou yoretire ou nan EISEP nan fason sa a:

(a) y ap retire ou nan pwogram EISEP la si ou menm oswa reprezantan otorize ou a mande pou retire ou oswa si:

(1) ou pa satisfè kondisyon yo ankò pou kalifye yo idantifye nan règleman eta a nan CR 9 NYCRR § 6654.15;

(2) ou pa kolabore ak kondisyon EISEP yo, tankou pou refize pase yon evalyasyon, ou pa dakò ak yon plan swen, ou pa kite kowòdonatè dosye oswa lòt manm pèsònèl anba direksyon kowòdonatè dosye a vizite lakay ou, ou pa dakò pou valide enfòmasyon sou revni ou si yo mande pou w fè sa pou detèmine si ou kalifye pou Medicaid oswa pou peye yon kotizasyon, oswa pou pa bay kotizasyon yo egzije sa selon 9 NYCRR § 6654.6; oswa

(3) ou pa ta sipoze bezwen sèvis nan 90 jou k ap vini yo.

(b) Yo pa pral retire ou nan pwogram nan paske ou pa peye kotizasyon ou an san ou pa resevwa bagay sa yo avan:

(1) yon notifikasyon alekri ki di ou pa te peye montan kotizasyon ou yo;

(2) yon opòtinite pou yo tandè pou fè konnen si ou pa te peye kotizasyon ou an, oswa rezon kifè ou pa te peye li a;

(3) yon notifikasyon alekri ki di yo ka koupe sèvis yo; epi

(4) avantaj pwosedi pou soti nan pwogram nan.

(c) Si w ap soti nan pwogram nan epi sanble ou bezwen sèvis yo, y ap ba ou èd pou jwenn swen ki apwopriye a.

(d) Si y ap retire ou nan pwogram nan kont volonte ou, y ap ba ou yon eksplikasyon alekri ak rezon yo omwen senk (5) jou travay avan yo retire ou an. Eksplikasyon alekri a ap gen ladan enfòmasyon sou fason ou ka ale nan yon odyans lokal paske yo retire ou a.